Ассаламу гIалайкум!

# Ахихъан

Газета бахъизе байбихьана 1937 с.
Унсоколо районалъул газета «Садовод»
sadovoduns@yandex.ru

№ 21 (7213) 27 Май Рузман 2016 сон. Газета биччала моцIида жаниб 4 нухалъ. Багьа 7 гъурущ



## Баркула!

ХIурматиял учительзаби, школазул хIалтIухъаби, гьалбал ва выпускникал!

Изну кье дие «Унсоколо район» МОялъул, районалъул Собраниялъул депутатазул ва дирго рахъалъ баркизе нужеда ахирисеб цIумур кьабиялъул праздник. Гьеб ккола цIалул халатал саназ нуж ралагьун чIун рукIараб байрам. Гьеб къоялъ нужеца къо лъикI гьабула школалъулгун ва рагъула унго-унгояб дурго пикрабазул ва бажариялъул гIумроялде нуцIа.

Нужехъ ралагьун руго выпускниял экзаменал, цIалул заведениял, тIаса рище цIиял ресал. Нужеда цадахъ руго 11 соналъ цадахъ цIаларал, цоцазе кумекалъе ратулел росуцоял, учительзаби ва эбел-эмен. РакI-ракIалъ божула гьезие нуж даимго налъулаллъун хутIилилан.

Хириял лъимал! ГIумроялда жанир тIоцере руго нуж гIумроялъул нухал рикьулел бакIазда, нужеда цере руго гIемерал нухал ва щивас тIаса бищизе ккола нужергояб. Божарав вуго гIемерисез гьеб тIаса бищун батилин. Гьелъие ихтияр буго нужехъго.

РакI-ракIалъ баркала кьола учительзабазе, гьеб захIматаб хIалтIухъ, эбел-инсуе – щибал къойилал захIмалъабазухъ. Гьарула, нужее хирияв выпускникал, гIумроялъулъ гIатIидаб нух, тIаса бищаралъулъ битIккей, талихI. Кинал рорхалъабазде нуж раханиги кидаго бичIчIа кIудияв гIуразулаб гIумро жакъа гIагараб школалдасан байбихьулеблъи.

**ГIиса НУРМУХIАМАДОВ.**
**«Унсоколо район» МОялъул бетIер.**

## «Единая Россиялъул» праймеризалда

22 маялда районалда «Единая Россиялъул» рахъалдасан Пачалихъияб Думаялде рихьизарурал депутатаздасан щив униевали бихьизабизелъун гьелъул гIахьалчагIаз цебеккунго хIалбихьизе гьаркьал кьей (праймериз) тIобитIана.

Кинабниги районалда рагьун букIана 5 счетнияб участка. Лъалеб букIахъе гьабсагIатал да «Единая Россия» Россиялдаго цебесеб политическияб къуватлъун ккола. Гьедин праймериз тIобитIиялъе бугеб оргко



митеталде цебеккунго гьаркьал кьеялъе бачIана 2182 бюллетень. Макрочилъи букIунгутIиялъе гIоло гьел кьабун рукIана Госзнакгун. 2199 чияс гIахьаллъи гьабуна праймеризалда. Регионалияб счетнияб комиссиялъул председателас бицана районалда цониги участкаялда кIвар бугел гIунгутIаби рукIинчIин, суалал тIуразарунин штаталъулаб къагIидаялъ бакIалдаго,-абун.



## Аслияб кIвар - экстремистияб идеологиялде гъоркье ккаразде



**Араб анкьалда райадминистрациялда букIана районалъул антитеррористическияб комиссиялъул иргадулаб заседание. Гьенир гIахьаллъана учреждениял-организациязул нухмалъулел, къуватальулал органазул вакилзаби. ГIахьаллъи гьабуна РДялъул БетIерасул кумекчи С. Сайповас, районалъул Собраниялъул пред. К. Асадулаеваси.**

Балагьиялде росун рукIана хадусел суалал:

I. Районалъул официалияб сайталда «Антитеррор» рубрика бачиналъул качествалъул хIакъалъулъ» - жавабияв цогояб информационнияб хьулухъалъул нухмалъулев М-Н. ХIайбулаев.

2. «Унсоколо районалда бугеб Россиялъул ОМВДялъул «экстремист» профилактическияб учеталда ругел гIадамазул баян рукIалиде ккезаби» - жавабияв терроризм-экстремизмалъул идеологиялде данде къеркьеялъул хIалтIулаб группаялъул нухмалъулев С. АхIмадов.

3. Потенциалияб къагIидаялъ хIинкъи бугел объектазул хIалтIи гьабиялъул ведомствабазда гьоркьосеб комиссиялъул хIалтIул – ГО ЧСалъул вакил М. Пабдулаев.

4. РДялъул БетIерас терроризмалдегун экстремизмалда данде чIеялъул комиссиялъул рахъалъ гьаб соналъул 25 марталда гьабураб докладалъул хIакъалъулъ - РДя лъул БетIерасул кумекчи, РДялъул мугIрузул районазул АТКялъул вакил С. Сайповасул информация.

Заседание бачана П. НурмухIамадовас.

ГьабсагIаталда тIолабго кIвар комиссиялъ кьезе ккола патриотизмалъул, чIахIиязул адаб-хIурмат гьабиялъул, халкъазул гIадатазул рухIалда, экстремизм-терроризмалъул асаралде гъоркье гьел ккечIого рукIиналъе гIолилал куцалде, Россиялъул шагьаразде, гьеб бахун къватIирехун аниги лъицаго гьел кверде росуларедухъ тарбия кьеялде. ВатIаналде рокьи кучай буго Россиялдаго цебе лъураб масъала,- ян бихьизабуна Сахратула АхIмадовас. Гьес бицана администрациялъ ахираб заманалда гьоркьоб лъураб суалалда хурхун гьабураб цIикIкIараб хIалтIул хIакъалъулъги.

«Антитеррористическияб ва адаптациялъул хIалтIи ккола экстремизмалде данде къеркьеялъул къуватаб инструмент. Гьединлъидал нилъее хIажат буго чияраб идеологиялде гъоркье ккарал хъизамазде кIвар кьезе. Гьел хъизамазда жанир гIолел руго нилъер улкаялдехун рокьукълъи бугел лъимал. Гьединазда бичIчIизабизе ккола нилъ гьезие тушманзаби гуреллъи,-ян бихьизабуна Сайпудин Сайповас. Гьединго бихьизабуна районалъул АТКя лъул данделъиялда БетIерас рихьизарурал гIунгутIаби лъугIизариялде кIвар кьезе ккоиланги.

Заседаниялда кIалъазе рахъана районалъул имам Гъ-М. Абакаров ва цогидалги. КIалъаязда районалъул хьулухъазул нухмалъулезе чIванкъотIарал тIадкъаял кьуна учреждениязда цIодорлъи букIинабизе ккеялда хурхун. Комиссиялъ къабул гьаруна киналго гьоркьор лъурал суалазда хурхарал хIукмаби ва жавабиялги рихьизаруна.

Ахиралда П. НурмухIамадовас баркала загьир гьабуна заседаниялда гIахьаллъаразе.



## МагIишатазул ахIвал-хIал лъазабуна

Араб анкьалда «Унсоколо район» МОялъул администрациялъул бетIер П. НурмухIамадов, росдал магIишаталъул отделалъул нач. Ж. Якъубовгун цадахъ щвана лъабго гъутаналъул муниципалиябгун унитарияб предприятиялде. Отделалъ гьединал хал гьарияв гIемер тIоритIула. Гьаб нухалда гъутаназул магIишатазул хал гьабизе ана живго районалъул бетIер. Сапаралъул аслияб масъала букIана магIишатазул ахIвал-хIал лъазаби, ящуралде, саранча тIибитIулеб букIиналде данде хIалтIаби гьари ва жамагIаталгун дандчIвай.

ТIоцере щвана ХъахIабросдерил МахIмудил цIаралда бугеб МУПалде. Ралагьана магIишаталъухъ, боцIухъ, лъазабуна ящуралде данде дару гьабунищали, саранчаялде данде хIадурлъи бугищали. Гьел суалал гьоркьоб лъураб данделъи тIобитIана гьениб. Къокъго абуни баянлъана МУП лъикIаб хIалалда букIин, киналго захIмалъабазде дандечIеялъул хIалтIаби гьенир гьарун рукIин.

ЦIатIанихъ росдал Энгельсил цIаралда бугеб МУПалъул халги гьабун бетIер дандчIвана гьезул жамагIатгун, кIалъа-балъана гIолилалгун, гIенеккана гьезул предложениязухъ. Цо-цо суалал гьенирго тIуразаруна. Ремонт гьабуна насосалъе, ракьал лъалъаялъе хIадурлъи гьабиялъе ресал ратана.



**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№ 21 (7213)*
*27 Май 2016 сон*


***Унсоколо росдал искусствалъул школалъул цIалдохъан Машидат МухIамадсайгидова гIахьаллъана Готфрид ХIасановасул цIаралда бугеб республикаялъул XIX пианистазул конкурсалда. Гьей исполнительнияб махщелалъе гIоло мустахIикълъана дипломалъе.***

## Аппараталъулаб совещание

**Араб анкьалда букIана анкьи-анкьие тIобитIулеб аппараталъулаб совещашие. ГIахьаллъана районалъул учреждениял-организациязул нухмалъулел, данделъи бачана ГI. НурмухIамадовас.**

КIвар бугеб суаллъун букIана ящуралде ва вируснияб диареялде данде вакцинация гьаби. Гьеб суалгун кIалъана ветеринарияб управлениялъул нач. М. ХIажимухIамадов. Гьесул рагIабазда рекъон гъутабазул тIолалго магIишатазда гIи боцIуе I00% вакцинация гьабун буго. Гьел ккола 3009 чIахIияб боцIи, ва I3 000 гIи-цIаниги. Амма захIмалъаби руго магIарухъ, щайгурелъул гьабсагIаталда гIемерисеб гIи-боцIи руго рикIкIадал харибакIазда. Районалъул бетIерас гьеб суалалъул хал гьабизе тIадкъана жиндирго кумекчи М. ХIажиевасда.

Бицана гьал къоязда букIараб «Единая Россия»-аслияб политическияб къуваталъул праймериз – цебеккунго гьаркьал кьеялъул ккарал хIасилазул. Гьелъ бихьизабуна рукIинесел депутатлъиялде кандидатазул къадар ва цIарал. ГI. НурмухIамадовас бихьизабуна районалда гьеб щибго гIунгутIи гьечIого анилан.

Гьединго бицана араб данделъиялда протокольнияб къагIидаялъ кьурал тIадкъаял тIураялъулги. Гьедин бакIал раялъул отдела лъул нач. XI. ХIамзатовасе кьураб районалда бараб ветхое жильеялъул ва районалъул генпланалъул иналъул, бетIерасул зам. С. АрулмухIамадовасе кьураб генпланалъе гIарцулал ресал ралагьиялъул бицана. «Цогояб информационнияб хъулухъалъул» нухмалъулев М. ХIайбулаевасе кьуна М. Дахадаевасда хурхарал тадбирал гьариялъе план хIадуризе, М. МалламухIамадовасда лъазабуна Унсоколо росулъ муниципалиял минабазул инвентаризация гьабе,-ян.

Пенеккана ЖКХялъул хъулухъалъул нухмалъулев А. ГIабдулхаликъовасул информация лъухъ. Гьес бицана Шамильхъала – Рихьуни лъел мохъазул, росабазул лъиназул мухъазул схема тасдикъ гьабуна. Бицана гIала-гъважа бакIариялъулги. Гьез гьабураб хIалтIуе лъикIаб къимат кьуна бетIерас.

«Парус» программа хIалтIизабиялъул ругел захIмалъабазул бицана администрациязулгун хIалтIи гьабиялъул специалист Ш. МухIамадовас. ЕГЭялде хIадурлъиялъул бугеб хIал загьир гьабуна Л. МухIамадгIалиевасги.

\- - - - - - - - - - - - -

## Абиял

Абураб берцинлъаги, бицараб гьуинлъаги.

ХIакъаб рагIиялъул къимат холаро.

БоцIи балагье херлъилалде, лъай балагье хвезегIан.

Гьудуллъиги вацлъиги кьойилго щулалъаги.

БахIарзал гьарзалъаги, гIалимзаби цIикIкIаги.

Чияр сурукъ бихьараб дуцаго гьабуге.

# БукIана цоцада ричIчIараб дандчIвай

(Районалъул бетIер дандчIвана гендерил жамагIатгун)



20 маялда Генуб росулъ букIана райадминистрациялъул бетIер ГI. НурмухIамадовасулги росдал жамагIаталъулги дандчIвай. Гьенир гIахьаллъана управлениязул ва отделазул начальникал, районалъул Собраниялъул, къуваталъулал органазул ва СМИялъул вакилзаби.



Республикаялдаго цIар машгьураб росу буго Генуб. Лъалеб жо буго ахираб заманалда гьениб букIараб рахIат гьечIеб ахIвал-хIал. 20I2 соналдаса нахъе гьениб лъун буго КТОялъул режим ва камендатлъиялъул сагIат. Халат бахъараб заманалъул гьединаб ахIвал-хIалалъ гIемерал суалал руго росдал экстремизм-терроризмалъул захIмалъаби чIалгIарал гIадамазул.

РакIалде щвезабизин, жамагIатазулгун гьединал дандчIваял ГI. НурмухIамадовас гIемер тIоритIула. Гьеб дандчIваялдаги рес букIана бетIерасе бокьараб суал кьезе. Гьел абуни гIемер рукIана комендатлъиялъул часалда, информационнияб блокадаялда, нухазда, боцIуда, ахазда хурхун.

ДандчIваялъул байбихьуда бетIерас салам кьуна имамал ва гIалимзаби рахъараб росдал жамагIаталъе. – Дун вохарав вуго жакъа нужеда дандчIвазе щвеялдаса. Нужер руго гьайбатал гIолилал, жигарал ва ракълилал гIадамал, ракIракIалъ хIадур вуго нужер суалазе жаваб кьезе ва кумекалъе ватизе.

БетIерас бихьизабуна Заманаялъулаб поселокалда ахираб заманалда гIемераб хIалтIи гьабун бугилан. Къокъаб заманалда гьениб бана лъималазул ах. ГIемераб хIалуцараб хIалтIи гьабулеб буго экстремизм-терроризмалде данде. Гьелъие кIудияб хIалтIи гьабулеб буго Генуса районалъул имам ГъазимухIамадица, нужер нухмалъиялъ. Район буго нилъер ва щивасул иш ккола гьеб тIегьазаби.

Гендерица кьурал суалазул аслиял рукIана цо хасаб заманаялъ росу тун ине-рачIине комендатлъиялъул час букIиналъ ругел захIмалъабазул, риххизарурал рукъзабазухъ, хвезабураб магIишаталъухъ компенсация кьея лъул, нухал гьариялъул, ток бачиналъул. – Гьел тIураялъе хIалтIаби гьарулел ругин, амма дир къуваталдаса рорчIаралги ишал ругин бихьизабуна гьелда хурхун бетIерас.

Росдал бетIер А. МухIамадовасги тIадчIей гьабуна гьелго суалазда ва бихьизабуна РФялъул Конституциялда рекъон гIайиб гьечIел гIадамазе гьал нормаби хIакъир гьарилъун ругин, гьединазе кколеб тамихI гьабе,-ян. -Нижеца гьел кколел гьечIо. Щайха нижее, ракълилал, гIайиб гьечIел гIадамазе гIакъуба кьолеб. Лъабго соналъ цебе хъвараб Соглащениялъул гIемерисел пунктал щай тIуран гьечIел Правительствалъ жакъа къоялде щвезегIан. Гьединго гендерица бихьизабуна журналистал ва цо-цо чиновникал жидехъ гIенеккулел гьечIин, «информациялъулаб блокадаялде» ккун ругин ниж, битIараб информация къватIибе кьолеб гьечIин.

Гьел суалазе жавабал кьолаго бетIерас бихьизабуна: СМИялъулал эркенго хIалтIулел КТОялъул байбихьулаб заманаялъ кIудияб ахIи-хIур бахъанин. «Информация букIана кутакалда битIараб рахъ щвечIеб, гьеб мехалъ къуваталъулаз хIукмо гьабуна Генуре рачIунел журналистазе кьварараб пропуск букIинабизе. Соглащениялъул рахъалъ абуни цо-цо пунктал тIуразаризе гIарац балагьулеб буго.

Дагьал рукIинчIо суалал ракьазда, нухазда, налогазда хурхун. БетIерас бихьизабуна гьел суалазда хурхун дагьаб хIалтIи гьабулеб гьечIин. – Налогал ракIари лъикI бугони рукIуна лъикIал нухалги, районалъул цебетIейги,-ян.



Цоцада ричIчIараб букIана нухмалъиялъулги гендерил жамагIаталъулги дандчIвай.

## Уважаемые жители Унцукульского района!

МБУ «Единая информационная служба» МО «Унцукульский район» обращает Ваше внимание на то, что основным источником официальной информации в районе является периодическое издание «Садовод». Скоро начинается подписная кампания на районную газету «Садовод» во втором полугодии 2016 года. Убедительно просим Вас оказать содействие в проведении подписной кампании и поддержать районную газету, которая является культурно-историческим достоянием нашего района. Подписаться на газету «Садовод» можно любом почтовом отделении района.

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№ 21 (7213)*
*27 Май 2016 сон*



I909 соналъул 6 январалда Дагъистан областалъул губернаторасул амруялда рекъон, МахIач Дахадаев туснахъалда тIамуна, пачаясул хIукуматалде данде чIезе ахIарал тIанчал гьес Дагъисталъул росабалъ тIиритIизариялъе ва жамагIатазда цеве вахъун, гьединалго кIалъаял гьарулел рукIиналъул гIайибги гIунтIизабун.

## 27 май - Халкъазда гьоркьосеб мадугьаласул къо




«Единая Россия» ВППялъ гIуцIараб «Школа грамотного потребителя» проекталда рекъон 20I6 соналъул 27 май лъазабун буго Халкъазда гьоркьосеб мадугьаласул къолъун ва тIобитIизе хIисабалде босун буго «Халкъазда гьоркьосеб мадугьаласул къоялъул хIурматалда ТIолгороссиялъул акция.

20I5 соналда тIобитIараб акциялда гIахьаллъи гьабуна улкаялъул 75 регионалги гьоркьоре рачун I3 азарго чияс. Гьелъ нилъ ахIулел руго мадугьалихъ лъикI рукIине, гьелдаго цадахъ гIумро гьабиялъул суалал ритIун тIуразаризе кверабакъиги букIине буго гьелъул.

## Гьудуллъи щулалъизе

Дагъал церегIан къоязда Шамильхъалаялъул школалъул 6 «а» классалъ сапар бухьана МахIмудил ВатIан ХъахIабросулъе. Гьеб классалъе нухмалъи гьабула ХIажимухIамадова ПатIиматица. Гьелъ хIаракат бахъула жиндирго классалъул цIалдохъаби цоцалъ рекъон, адаб-хIурматгун, берцинаб хьвада-чIвадиялда рукIиналъе. Учительницаялъ киналго ээбел-инсулгун чIезабун буго лъикIаб бухьен. Гьелъги батила классалда I0 цIалдохъан вуго гIицIго «5» къиматазда цIалулев.

ХIажимухIамадовалъ хIаракат бахъула гьезие лъикIаб тарбия кьезе. Гьеб мурадалда гIуцIун букIана экскурсияги. Цебекунго лъималаздаги гьезул эбел-инсудаги лъазабун букIана ХъахIабросулъе сапар бухьине букIин. Гьелъ лъикIаб гьор-



кьоблъи чIезабун букIана директорасулгун. Школалда дандги бан, къоги тIаса бищун ПатIиматица классалъул лъималгун, гьезул улбулгун кIиго маршруткаялда сапар бухьана цин Бекьилъе – Муил хабаде, хадуб гьел щвана ХъахIабросдерил школалде, МахIмудил музеялде, гьесул хабаде. Хадурги гьел школалъул дирекциялъул хIалтIухъабигун, гьезулго 6 классалъул цIалдохъабигун щвана ХъахIабросдерил «Бекъери»-абулеб гIалахалде. ТIубараб къоялъ гьениб гьабуна лъикIаб хIухьбахъи. ТIоритIана футболалъул, волейболалъул, туризмалъул гьудуллъиялъулал къецал. Цадахъ рахъана суратал, гьабуна лъикIаб квана-гьекъей. Гьеб цадахъаб тадбиралда бихьулеб букIана лъималазул цоцадехун гьудул-гьалмагълъи бижулеб букIин, эбел-инсудехун рокьи, тIабигIаталъул берцинлъи, гьелдехун гьабизе кколеб хIурмат гьезулъе тIинкIулеб букIин. Нахъ руссунаго киназго жалго рукIараб бакI бацIцIад гьабуна чороклъиялдаса. Росулъе спортзалалде щун хадуб ясазги, васазги, улбузги гьаруна волейболалъул къецал.

Гьеб экскурсиялдаса киналго разиго хутIана. ПатIиматида ракIалда буго хаду-хадуби гьединал экскурсиял цогидал росабалъеги тIоритIизе. Узухъда гьединал тадбираз цIалдохъабазда гьоркьоб бижула гьудул-гьалмагълъи, цоцадехул адаб-хIурмат, учительзабаздехун ва эбел-инсудехун рокьи.

ПатIиматица ва улбуз ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабуна ХъахIабросдал школалъул учительзабазе ва гьезул 6 классалъул цIалдохъабазе.

*Сулейман МУХIАМАДОВ.*
*Нижер мухбир.*

ГIолилазе мисал

# Ансадерил бахIарчияв вас



*(Байбихьи 16-17 номеразда)*

I909 соналъул 6 январалда Дагъистан областалъул губернаторасул амруялда рекъон, МахIач Дахадаев туснахъалда тIамуна, пачаясул хIукуматалде данде чIезе ахIарал тIанчал гьес ДагъистанаIъул росабалъ тIиритIизариялъе ва жамагIатазда цеве вахъун, гьединалго кIалъаял гьарулел рукIиналъул гIайибги гIунтIизабун. Пайиб тIад чIезабизе кIвечIого къватIиве виччана гьебго соналъул 8 марталда.

Хадубккун жандармабаз жиндие рахIат толареблъи лъан, МахIач Кисловодскиялде ана. Гьеб шагьаралдаги халкквей букIана гIолохъанав ва хIаракатав революционерасда хадуб. I906 соналъул 23 июналда Кисловодскиялда гьев ккуна, цебеккунго чIухьги бан, жанив тIамизе вачана ва Петровск (гьанже – МахIачхъала) шагьаралде витIана, хадусеб къоялъго гьеб шагьаралъул туснахъалда тIамуна.

Гьеб хабар лъайдал Шамилил вас, пачаясул армиялъул генерал МухIамадшапигIица Кавказалда вугев сардар Илларион Иванович Воронцов-Дашковасухъе I906 соналъул 20 июналда битIана гьадинаб телеграмма:

«Цебесеб моцIалда захIматго унтун вукIиндал, дица тел кьабун, Шураса дихъего Кисловодскиялде ахIун вукIана дир вукIинесев дурц, студент-путеец МахIач Дахадаев ва дун гIайибиявлъун ккана гьенив гьев туснахъалда тIамиялъе. Гьев жанив тIамуралдаса хадуб дир унти жеги цIикIкIана. Дунги дир хъизанги хIажаталлъун руго дие васасул бакIалда чIарав ва тIолабго хъизамалъе мугъчIвайлъун лъугьарав Дахадаевасул рахъалдасан нахъ бахъичIого гьабулеб кумекалъе. Дир вукIинесев дурц Дахадаевасул хадусеб хьвада-чIвадиялъе гьоркьлъеллъун лъугьун, гьеб тIубанго дица дидаго тIаде босула. Гьединлъидал, Илларион Иванович, дица дуда гьарулелеб буго, Петровскиялда туснахъалда вугеб Дахадаев дица, генерал Шамилица, тIаде восун тезе къватIиве виччайилан буюрухъ лъихъе битIизе кколеб батаниги битIейилан.

**МухIамадшапигI Шамил».**

Гьеб телеграммаялде сардарас ва гьесул сверухълъиялъ кIвар буссинабичIо, гьелъул щибго хIасилги ккечIо.

КватIичIого Кисловодскиялда хвана МухIамадшапигI.

Гьеб мехалда гьесул къоролай, татарай Мариям-ханумица I906 соналъул 11 августалда Кисловодскиялдаса Тифлисалде пачаяс Кавказалда тарав сардарасухъе битIун букIун буго, МахIач Дахадаев туснахъалдаса къватIиве виччайилан гьарун, гьадинаб телеграмма:

«Дир рос жакъа хвана, кIиго ясгун цадахъ дун Кисловодскиялда хутIун йиго, лъилго кумек гьечIого. Дица гьарулеб буго студент Дахадаев ниж Казаналде щвезаризе туснахъалдаса къватIиве виччайилан ва дур хIукмуялда рекъон, цо лъагIелалъ Кавказалдаса къватIивехун гIумру гьабун чIезе гьесие изну кьейилан. Дица Дагъистаналъул губернаторасдаги гьарун букIана, амма гьес инкар гьабуна, гьев къватIиве виччазе жиндир ихтияр гьечIилан».

Гьеб телеграммаялъеги сардарасдасан жаваб щвечIо.

Туснахъалдаса къватIиве ворчIун хадуса, хIакъикъаталдаги МухIамадшапигIил хъизаналъул дурцлъун лъугьана МахIач Дахадаев. I907 соналъул I9 августалда Петербургалда гьес ячана гьесул яс ПатIиматзагьрат.

**(ГIабдурахIман Даняловасул «МахIач» абураб тIехьалдаса).**

# КIиго лъади ва цо вас

**ПатIиматзагьрат Дахадаева**

Шамилил вас МухIамадшапигIилги гьесул чIужу Марямилги кIудияй яс йикIана ПатIиматзагьрат. Гурги-шуршинаб гьумералъул, кьер-мухъ рекъарай, гьоркьохъеб лага-черхалъул гIадан йикIана гьей. ПатIиматзагьратил хасияталъухъ балагьун бичIчIула ан гьелъулъ магIарул би гуребги, эбелалъулаб – татаразулаб биги гьалдолеб букIин. ЧотIахъан йикIана гьей ракI бахилай.

Петербургалъул къо-асс бугел ясазул институталда ПатIиматзагьратие щвана тIадегIанаб лъай, гьелда лъалаан къватIисел чанго улкабазул мацIал. I907 соналда гьей Петербургалда М. Дахадаевасе лъади лъун ана. Лъимер гьабизе йикIаго гьелъул чехь ссуйзе ккана. Гьавуна вас ГIадилгерей.

**Написат – ханум**

Хадуйккун росгун йикIинеги, ПатIиматзагьратие тохтурзабазул изну букIинчIо. МахIачица, гьеб жидеда хъатIулелщиназул изнуялдалъун, гьелъул яц Написат лъадиллъун ячана. Ясалъул букIана халатккараб гьумер, инсудасан ирсалъе щвараб багIарккараб рас. Гьей лъаларез гIурус ясилан толаан Написат. КIудияй яцалъ гIадин, гьелъги лъугIизабун букIана къо-асс бугел ясазул институт. Махсаро-хочI гIемерай, гIумру аваданай гIадан йикIана гьей:

I9I6 соналъул байбихьуда МахIачги Написатги Темир-Хан-Шураялде рачIана. Маликовское шоссеялда Талибовазул бакIалда рукъ ккуна гьез. Хадуб гьез Апшеронский къотIноб Дагъистаниязул полкалъул офицер Мальсаговасул букIараб мина жидеего бичун босана.

МухIамадмирза Хизроревасул лъади Разият Алмакъсудовнаялъ гьадин бицун буго МахIач чIвараб мехалда Написатил букIараб хIалалъул хIакъалъулъ: «МахIач Дахадаев чIваравлъи лъайдал, ниж Апшеронский къотIноре ана. Написат чIчIи-чIчIи-хъуйги ахIи-хIурги гьабичIого гIодилей йикIана. Гьеб къоялъго вукъана МахIач. Шагьаралда рукIана революциялъул тушбаби, гьез жаназаялда цадахъ ине изну кьечIо хварав МахIачил вац ЖабрагIилиеги, художник Е. Е. Лансерейиеги, цоги 4-5 бихьинчиясеги гурони. Амма цIакъ гIемерал рукIана гIодулел руччаби».

Рос хвезегIан цее, Написат Да-



хадаева Темир-Хан-Шураялда М. Мавраевасул типографиялда хIалтIулей йикIана. 1923 соналда эбел Марям-ханумица Написат жиндаго аскIое Петербургалде ячун ана. Написат хвана Ленинградалда блокадаялъул заманаялда.

**(МухIамад СагIадулаевасул «Ансадерил сверабазда» абураб тIехьалдаса).**

*Спорт:* *Спорт:*

# Генуб - гугариялъул турнир

Араб анкьалда Генуб росулъ имам Шамил ракIалде щвеялъе тIобитIана I999 соналда ва хадурккун гьарурал лъималазда гьоркьоб эркенаб гугариялъул рахъалъ рагьараб турнир. Къецазда гIахьаллъана I70 спортсмен. Турнир гIуцIана районалъул администрациялъул гIолилазул комитеталъ ва «Унсоколо районалъул гIолилал» ДРООялъ.

Тадбир рагьана комитеталъул председателасул зам. М. МухIамадовас.

Медалазул комплект бергьана I3 цIайиялъул категориязул спортсменазе. Къецазда лъикIаб хIалбихьи щвана киналго гIахьалчагIазе. Турнир гIуцIараз I, II, III бакIал ккурал мисалиял спортсменазе кьуна ХIурматалъул грамотабигун медалал.



.............................................................................................

## Ансадерил мустахIикъав вас

Божизе кIоларо гьаб хабаралда
Хабалъ жанив лъугьун, мун вихьаниги,
Хьулги кин буссинеб мун вихьичIого
Рихьизе къасдалда ратIалъидал нилъ.
Къоло кIиабилелъ Колоб рихьилин
Кверги бачун гурищ, нилъ ратIалъарал,
РагIуй хилиплъулев ХIасан вукIинчIин
ХIалищ дагьлъун ккараб, нухлул рагIалда.
ЧIахIиде буссаги Сулакалъул нух
Сси бугев васасе хIилла ургъараб,
Чиго сверугеги гьеб ашбазалде
Эний къуларазул къотIанин гьаракь.
Абула хвелалде мугIрузул цIумги
ЦIикIкIараб манзилалъ зодой боржунин,
Заман щолеб букIин, дуда кин лъараб
Канлъи гьечIеб сардилъ, нух чIван вилъине.
Мун чилъи цIунарав, ансадерил вас
Чорхолъ ияхI бугев, магIарул хьергъу,
Хъат дуй гIемер чIвана, чIаго вугеб мех
ЧIухIила дудаса, жегиги район.
ХIалихьатав чияс нуцIа рагьани
Нусиречалъ цIеги, дур доб кабинет,
Дур гIадаб яхIалъул хIара вачIани
ХIал кьеги Аллагьас, эсий хIалтIизе.
Рузман сордоялъул хоб щвана, дуе
Хамиз сордоялда къадаралде щун,
Къадар Аллагьасул, алхIамдулиллагь
Аллагьасда цеве мун витIун ккаги!

**АхIмад КУСАЛАЕВ. ЦIатIанихъ росу.**

Районалъул лъай кьеялъул управлениялъул хIалтIухъабаз гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго культураялъул управлениялъул начальник <u>ХIасан МухIамадов</u> нагьаб балагьалдалъун нилъедаса ватIалъиялда бан гьесул эбелалда, хъизан-лъималазда ва тIолабго гIагарлъиялда.

Аллагьас алжан насиб гьабун батаги гьесие, нахъе ругезе сабруги кьеги.

* * *

Районалъул цогояб информационнияб хъулухъалъгун «Ахихъан» газеталъул хIалтIухъабаз гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго <u>ХIасан МухIамадов</u> Аллагьасул къадаралде щвеялда бан гьесул хъизан-лъималазда, эбелалда ва тIолабго гIагарлъиялда. Аллагьас гьесие ахират лъикIаб кьун батаги, нахъе ругезе сабруги кьеги.

# МухIамадов ХIасан МухIамадович



I9 маялъул къасде ракIалдаго гьечIеб балагьаб лъугьа-бахъиналдалъун нилъедаса ватIалъана Унсоколо районалъул культураялъул управлениялъул начальник, районалъул тариха лъулъ, гьелъул культуриябгун общественнияб гIумроялъулъ гьайбатаб лъалкI тарав инсан ХIасан МухIамадов. Гьедин балагьаб куцалъ гьев ватIалъиялъ бихьизабулеб буго кигIан къокъаб бугеб чиясул гIумро, кигIан захIматаб бугеб гIагарал ратIалъияли. Гьев вукIана гьабулеб иша лъулъ цIикIкIараб бажариялъул, щивасе кумекалъе вачIине хIадурав, ракI лъикIав инсан.

ХIасан МухIамадов гьавуна I962 соналъул 8 июналда Унсоколо районалъул Унсоколо росулъ. I985 соналда лъугIана Дагъистаналъул пачалихъияб педагогическияб институталъул химиялъул факультет. ЦIалун вахъун хадуб хIалтIана Генуб Заманалъулаб поселокалъул микьго сонил школалда учительлъун, лъагIалидасан вачIана Унсоколо гьоркьохъеб школалде хIалтIизе. I987-88 соназда хIалтIана Унсоколо ВЛКСМалъул райкомалъул секретарьлъун.

Культураялъул гIумроялда жиндирго захIматалъул нух гьес байбихьана I989 соналъул 25 маялда Унсоколо райисполкомалъул культураялъул отделалда заведующийлъунги лъугьун. Жиндирго гIумроялъул 30 сон ХIасан МухIамадовас кьуна Унсоколо районалда культура цебетIезабиялъе. Гьесул хIалтIул хIасилаз лъикIаб букIинесебги нахъе тана.

«Унсоколо район» МОялъул администрациялъул, районалъул Собраниялъул депутатазул ва дирго рахъалдасан гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго гIагаразда, гьудулзабазда, цадахъ хIалтIулезда **ХIасан МухIамадов** гIумроялдаса ватIалъиялда бан. Гьев чиясул рахъалъ гьайбатал ракIалдещвеял даимго хутIила районалъул гIадамазул ракIазулъ.

**ГIиса НУРМУХIАМАДОВ.**
**«Унсоколо район» МОя**
**лъул бетIер.**

## *Мун нижер ракIазулъ хутIила*

МухIамадов ХIасан МухIамадович Унсоколо районалъул культураялъул управлениялъул начальниклъун тIамуна I990 соналда. Гьеб соналъго жиндирго махщел борхизабиялъул мурадалда гьев цIализе лъугьана Дагъистаналъул культуриябгун просветительнияб училищеялде ва лъугIана I993 соналда.

ХI. М. МухIамадов вукIана жавабчилъигун ва оптемизмгун хIалтIулев, хIалбихьи бугев нухмалъулев. Гьесул хIаракаталдалъун бана районалъул ва лъималазул библиотекабазе, искусствалъул школалъе, культураялъул отделалъе минаби, рагьана цIиял культураялъул учреждениял. Жиграб хIалтIи гьабулаан районалъул гIадатал, фольклор цебетIезабиялъе. Гьесул хIаракатаб хIалтIул хIасилалда районалда махщалида хIалтIулеб буго «Унцукуль» кьурдул, «Счастье гор» лъималазул хоралъул, «Горянка», «Гъойсу» гIолилазул, «Ансал» вакалияб ансамблял. Гьел киналго руго фестивалазул лауреатал.

Гьев вукIана ДРялъул культураялъул мустахIикъав хIалтIухъан», кьун букIана «Культураялъул хIасилазе гIоло» знак, гьединго «Отечественнияб культура цебетIезабиялъе лъураб бутIаялъухъ» медаль ва цогидалги шапакъатал.

ГIадан хIисабалда ХI. МухIамадов вукIана ракI лъикIав, цадахъ ругезул адаб гьабулев, кумекалъе ватулев унго-унгояв инсан. Нижеда киданиги кIоченаро гьевгун цадахъ хIалтIарал сонал ва унго-унголъунги махщел тIокIав нухмалъулевлъун хутIила абадиялъго рак1азулъ.

Районалъул культураялъул управлениялъул тIолалго хIалтIухъабаз гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго **ХIасан МухIамадовасул** хъизан-лъималазда ва тIолабго гIагарлъиялда. Аллагьас дур захIмат ва гIамал гIибадатлъун къабул гьабун батаги ва лъикIаб ахират насиб гьабеги! Мун кидаго нижер рак1азулъ хут1ила.

**Районалъул культураялъул управлениялъул хIалтIухъаби.**

## Кидаго ракIалдаса инаро

ХIурматияб ва баракатаб Унсоколо районалъул жамагIат!

Кутакаб пашманлъиялъул асаргун зигара бала нужеда нужер гьайбатав вас, район цебетIезабиялъе гIоло гIемераб хIалтIи гьабурав

**ХIасан МухIамадов**

балагьаб лъугьа-бахъиналдалъун Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. Гьединго ракI унтун зигара бала гьесул хъизан-лъималазда ва тIолабго гIагарлъиялда.

Дие кутакалда гIагарал ва рокьулел чагIи руго ансал. Гьелгун ана дир сахаб гIумро ва даимгоялъе вацал-яццаллъун хутIана дие гьел. Хасго кив хIажалъаниги нахъа ватулаан ХIасан. Гьев вукIана гIамал гьитIинав, ракI лъикIав, мугъ чIвазе бегьулев инсан. Аллагьас гьесие алжан насиб гьабун батаги, нужер жамагIатги хадубккун балагьаздаса цIунун таги!

**Каримула ГIАБДУЛАЕВ.**
**Кизилюрт шагьар.**


<u>Газета основана 1937 г.</u>

**УЧРЕДИТЕЛЬ:**
**Администрация Унцукульского района**

**Главный редактор**
**Саният КЕБЕДМАГОМЕДОВА**

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**

**Регистр. Пи № ТУ05-00284 от 20 марта 2014 г.**

**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**<u>Адрес редакции:</u>**
**51373**
**Унцукульский район**
**с. Унцукуль**
**ул. Мустафаева 28**

**Телефон редактора**
**55-63-07**
**sadovoduns@yandex.ru**

<u>Адрес издателя:</u>
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать 26.05.16 г. 19.10
фактически -20. 10 мин.
..........................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1400 экз.